ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№240 (21.898) ●2010 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа Указ №144-УП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «л» пунктым тету, **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Іуэхукіэ» 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа Указ №144-УП-мкІэ къыщтам, мы кІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым зэпымыуэ хэтыну хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Васильев С. В. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуаэ)*

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр*(зэгурыІуаэ)*;

б) Жамборэ В. С. и кІуалыкъэм зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъуи: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщіыр»;

в) Советым къыхэгъэкІыжын Сердюк В. А., Ткаченко А. А., Томчак Ю. И. сымэ.

2. Мы Указым кІары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м
№164-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м №92-РП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Информацэр хъумэнымкІэ ведомствэхэм зэдайуэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2005 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РП-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Батчаевэ Хь. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм дзэм кІуэнкъэм ядэлэжьэнымкІэ и управленэм и секторым и унафэщІыр

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Мишковэ И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкІэ и министрым и къуэдзэр

Чернушин С. А. - Техникэ, экспорт кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм щыІэм и унафэщІым и хуэдэщ *(зэгурыІуаэ)*;

б) Жамборэ В. С. и кІуалыкъэм зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъуи: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщіыр»*(Комиссэм и унафэщІыр)*;

в) Пащты Б. С.и кІуалыкъэм зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъуи: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэкэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзэщІэр»;

г) Шишкин А. С. и кІуалыкъэм зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхъуи: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэкэмкіэ управленэм информацэр техникэ Іэмалхэмкіэ хъумэнымкІэ и секторым и унафэщІыр *(Комиссэм и секретарщ)*»;

д) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Сердюк В. А., Чернышевэ О. Н. сымэ.

2. Мы унафэм кары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

●Дыгъуасэ

ІэнатІэщІэ къызэІуах

Дыгъуасэ республикэм зэхъыхьэгуапэ щекІуэкІащ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Александррэ лъэс лъагъуэхэм тралъхьэ, утхэр, пщІантІэхэр къызэрыращІыкІ пликтэкэр къыщІэзыгъакІ «Компания «ЗЖРИ-2» ООО-р гуфІэгъуэ щытыкІэм ито къызэІуахащ.

- Нобэ ІэнатІэщІэ къызэрызэІутхыр Іуэху гуапэщ - ар республикэр зэрефІакІуэм, зэрызиужьым и нэщэнэщ. Краснодар крайм пликтэкэр куэду къызэритым къыхэкІыу, дэри аэрэ къыщІэзыгъакІхэр диІэн хуейуэ къыхэтлъхьауэ щытащ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Сом мелуан 50 зи уасэ мы проектыр щхьэзакъуэ-къэрад зэдэлажьэныгъэм тету КъБР-м Инвестицэмрэ зыужьныгъэмкІэ и агентствэм къызэригъэпэщащ.

Президентым и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ технологие лъагэм тету лажьэ апхуэдэ Іуэхуэщ ІапІэхэр республикэм и районхэм куэду къыщызэІуахынырэ зэрыІуэху щхьэпэр. Къыщынэмыщ Іауэ, гу лъаригъэтащ технологие лъагэр къыщагъэсэбэп заводыщІэр абы и щапхъэу зэрыщытыр.

- Ди республикэм и зыужьныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ ухуэныгъэ материалхэр къыщІэдгъэкІынырэ. Республикэм ІэнатІэщІэхэр къыщызэІутхыну, мылажьэу щыт Іуэхуэ ІапІэхэр зэтедгъэувэжыну адэкІи къытпэщылъщ, - жиІащ Президентым. - ЕтІанэгъэ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэным УФ-м сом мелард 50 хухихащ. Республикэм и министерствэ щхьэхуэхэмрэ Правительствэмрэ я кІалэнщ апхуэдэ ди проектхэр пхагъэкІыну.

Къанокъуэ Арсен ухуакІуэхэм, кІалэ администрацэм, «Компания «ЗЖБИ-2» ООО-м я лэжьакІуэхэм заводыр зэрырагъэжьам папщІэ гуапэу екъуэхуэ нэужь, Вербицкий Александр и гъусэу лентІ плъжьыр зэпиупщІащ.

ІэхуэщІапІэм и унафэщІ Кастахов Ратмир къызэрыджИамкІэ, заводым фІагъ лъагэ зиІэ пликтэкэм ядэ бордюрхэмрэ къыщыщІагъэкІынущ. Заводым щІыху 20-м ІэнатІэ щагъуэтащ къыщызэІуахащ. Абыхэм щыІэхэм я мазэ лэжьапщІэр сом мин 14 мэхъу. Зэраубзыхуам тету, илъэсым хуэзэу продукцэу метр зэбгъуэзэнатІэ мин 500 къыщІагъэкІынущ. Ахэр адрейхэм къащхьэщокІ фІагъ лъагэ зэрагъэмкІэ, ІэнатІэщІэхэр къыщызэІутхыну, мылажьэу щыт Іуэхуэ ІапІэхэр зэтедгъэувэжыну адэкІи къытпэщылъщ, - жиІащ Президентым. - ЕтІанэгъэ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэным УФ-м сом мелард 50 хухихащ. Республикэм и министерствэ щхьэхуэхэмрэ Правительствэмрэ я кІалэнщ апхуэдэ ди проектхэр пхагъэкІыну.

Къанокъуэ Арсен ухуакІуэхэм, кІалэ администрацэм, «Компания «ЗЖБИ-2» ООО-м я лэжьакІуэхэм заводыр зэрырагъэжьам папщІэ гуапэу екъуэхуэ нэужь, Вербицкий Александр и гъусэу лентІ плъжьыр зэпиупщІащ.

Плышик махуитІкІэ щекІуэкІынущ технологие пэрытхэр къыщагъэсэбэп гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкІэр, апхуэдэу ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием хыхьэ институт зыбжанэм зэгъуэгуэ кьыззрагъэпэщащ Ипэ дунейпсо щІэныгъэ конференцыр тхьэмахуэкІэ щызэхэтынущ Іуащхьэмахуэ лъапэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

●КъБР-м и Парламентымрэ и Президиумым

Жьэн узым земыгъэубгъун

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІушІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдыу депутатхэр тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жьэн узым ебэныныр кьышІаэрэпэщыным и Іуэхукіэ» Законыр гъэзэщІа зэрыхьум.

ЖЬЭН узыр дуней псор зытегущыІэвыхь Іуэхущ. КьыззрагъэльытэмкІэ, а узыфэр апкърытщ щыху мелуан 1,7-м. Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэм кьыззрагъэльытэмкІэ, илъэсипщІ благъэм кьриубыдыу жьэн узыр щыхуэхэр нэхъыбэу зэрыпыкІ узафрищым ящыщу дуней псом щыщытынущ. Блэкіа лІэщІыгъуэм и кІэухым дунейм къэралу тетым къашыгурыІуащ а узыфэр щІэх гъэкІуэда зэрымыхъунур. Ар Урысей Федерацэм и щыхуу мини 117 - 120-м гъэ кьэс кьоуалІэ икІи щыху мин 25-м нэс йолІыкІ.

Жьэн уз зэфыкІхэр гъэхъужьынкІэ кьэралІ Іуэхущ икІи узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ ІапІэхэр абы йолэжькІ Урысей Федерацэм и щыхуэхэм пщІэншэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ кьэралыкІэ щэсыпІэхэм я программэм тету.

А лэжьыгъэр ди деж кьызэрыщызэгъэпэщам теухуауэ депутатхэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр хъумэнымкІэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащІэ **Бицу Вадим.** Абы зэрызжиІамкІэ, жьэн узыр зэфыкІхэр ди республикэмэ щымащІэкъым.

2008 - 2010 гъэхэм кьриубыдыу жьэн уз зэфыкІхэр гъэбелджьылынымкІэ хуэунэтІауэ республикэм щрагъэжькІуэкІ лэжьыгъэр нэрыльэгъуу щІагъэхуэбжьащ, абы щыху бжьагъу кьызэщІнубыдэм хуэдэ 1,4-кІэ хэхъуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, сымаджэ псоми дохутырхэр ятьэІэсу жьлІэ хъунукъым.

Жьэн уз зэфыкІхэм еІэзэным ныкъусаныгъэ щыхэлъым и щхьэусыгъуэхэм ящыщу министрым кьилъытащ а узыфэр зэрагъэхьуж хущхьэусыгъэхэр зэрахуримыкъуж, ахэр и эмэным кьаззрызэрымыхьэр. Абы кьыхэкІыу щыхуэхэм еІэзэным кьыщызэтрагъэувыІэ кьохуэу икІи абы и зэранкІэ узыр хотІасэ. Сымаджэщхэм щэкІыжахэм амбулаторэхэм нэгъэсэуэ кьыщІеззэркъым.

Бицу Вадим зэрыжиІамкІэ, республикэм ильэситкІэ иІакъым жьэн уз хъумэнымкІэ папщІэ щыхуэхэм халъхьэ ваккцинэхэр, мы узыфэр кьыщахутэкІэ кьагъэсэбэп туберкулин хущхьуэр. Иджьпсту ахэр яхуроку.

Республикэм и район псоми щыІэщ кьуажэхэм, лэжьапІэ ІэнатІэ нэхъ инхэм яшэуэ щыхуэхэм я узыншагъэр кьызэрапщытэ флюорографие Іэмэпсымэхэр. Ауэ абыхэм яхэтщ кьэбгъэсэбэп мыкъуэкэри, Ахэр зэрызэрагъэпэщыжьыр ахьшэ медицинэм и Іуэхуэщ ІапІэхэм яхурикъуркъым. Абы кьыхэкІыу флюорографие кІэльыпльныныгъэр щыхэпагъэу кьохуэу.

Жьэн узым ебэныным пыщІа гугъуехьхэм Парламентым и Президиумым хэтэгр нэрыльагъуу игъэпІейтеящ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фирмэм и унафэщІ **Кебоков Владимир** депутатхэм ягу кьигъэкІыжащ жьэн узыр кьызэрыхъейм щхьэусыгъуэ куэд зэрИэр. Абыхэм хеубыдэ экономикэ, социальнэ Іуэхуэхэр, щыхуэхэр щхьинкІэ кьызэрызэгъэпэщащ. Сымаджэхэр гъэхъужьынкІэ куэд елытащ сымаджэщым щІэльэр зэрагъашхэми. АтІэ жьэн узым щІэзэ республикэ диспансерым щІэльэр гъэшхэным махуэ кьэс сыт хуэдиз трагъэкІуадэрэ? КьызэрыщІэкІымкІэ, абы папщІэ зы щыхуэм соми 112-рэ хухахьи хуейщ, ауэ иджьпсту ар зэрыхьур сом 60 ирикъурыкъым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэ **Саенкэ Татьянэ** кьиІэтащ республикэм и районхэм фтизиатрэр зэрахуримыкъур, апхуэдэу жьэн уз зыпхырыкІхэм ельэІэ медицинэм и лэжьакІуэхэм ахъшэкІэ защІэтхъукъуэн зэрыхуейр.

Жанатаев Сэлим кьиІуэтэжащ Парламентым кьызэригъэпэща депутат комиссэ щхьэхуэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «Жьэн узым ебэныныМкІэ диспансер» и къэрал Іуэхущ ІапІэм и унафэщІ КІэбышэ В. комиссэм хэтхэр щыгъуаэз ищІащ диспансерым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэрар зыхуэныкъуэхэмрэ.

ЗэІушІэм кьыщащтащ гъэзэщІакІуэ властымрэ щыпІэ самоуправленэм и органхэмрэ ахуэгъэза чэнджэщ пыухыкІахэр. Кьапщтэмэ, КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ «Жьэн узым ебэныныМкІэ диспансер» къэрал Іуэхущ ІапІэм зыхуэныкъуэхэмкІэ дэІэпыкъуну, загъэхъужьыну хуэмейкэр щхьэхуэу щаІыгъ унэхэр хъумэныр кьыззригъэпэщыну.

Жьэн узыр гъэхъужьынкІэ медицинэм зэрикъалэным кьыдэжІуэу, ар социальнэ Іуэхушхуэу, жылагъуэ псор зыгъэпейтейуэ зэрыщытыр кьалытэри, республикэм и Правительствэм чэнджэщ ираташ КъБР-м жьэн узым зэрыщыпэщІэтыр тэмэму зэтрагъэувэн папщІэ а Іуэхум идижьри сом мелуан 44,8-рэ республикэ бюджетым щыхухэхыну. А ахъшэр компьютер томографыр, ягъэІэпхъуэурэ кьагъэсэбэп флюорографэр зэгъэпэщыжьыным, жьэн узым щеІэзэ диспансерыр жэщми махуэми хъумэным, дезинфекцэ зэрыгъэкІуэкІ камерэхэр, пщэфІапІэм папщІэ Іэмэпсымэхэр, хущхьуэхэр, ерыскьыпхьэхэр кьэщхэным, нэгъуэщІхэм ятекІуэдэнщ.

КъБР-м и Парламентым зыхуэзэфащ и комитетымрэ хэхауэ кьызэрагъэпэща депутат комиссэмрэ дяпэкІи кІэлъыплъынущ, сымаджэхэр жьэн узыр зэфыкІхэр щыгъэмэщІэным, сымаджэхэр гъэхъужьыным зэрыщІелэжьыным.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.

●Щэнхабзэ

Лъэпкъ Іуэхум телажьэхэр

Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэмрэ дуней псом щикъуэхьа ди лъэпкъэгъуэхэр зэкъуэгъэувэжыным теухуауэ триха кинофильмхэмрэ къаІэпкІуэу режиссер, тхакІуэ, композитор щІэрыІуэ Кьандур Мухьэдин къыхуагъэфащащ «Turkish Honov Award 2010» саугъэтыр.

АР МЕДИА хуэІуэхуэщІэм телажьэ творческэ щІыху щІэрыІуэу 2-м Тырку кьэралыгъэм ярет илъэс кІэс. Кьандурым мы тыгъэр къыщыІухагъэфэща лэжьыгъэхэм ящыщщ «Шэрджэс» фильмыр. Къыхэгъэщыпхъэщ фильмыр иджыблагъэ «Европэм и кинофестивалэхэр» фестивальгъэм щІэту екІуэкІа фестивалым зэрыщагъэльагъуар, куэдым ягуи зэрырихьар. Мы фильмыр зи Іэдакъэ къыщІэкІам къыззриІуэтэжьымкІэ, фестивалым и жюрим хэтт 19-нэ лІэщІыгъуэм шэрджэс лъэпкъым, псом хуэмыдэу адыгэ ящащэхэм ябгъэдэльа дахагъэм хьэщыкъ ищІа хамэ къэрал литератор щІэрыІуэхэм я Іэдакъэщ ІкІэхэм щыгъуаэзэхэри. Абыхэм ябзыщІакъым нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм хабжэ шэрджэхэсэм ятеууха гуэри нобэкІэ я деж зэрызнымысымрэ куэдым щыгъуэзэну я нэ ящызэрикІымрэ. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, «Шэрджэс» фильмыр Монакэ дыгъэгъазэм и 2-м щызэхэта кинофестивалым щагъэлъэгъуащ, абы и саугъэт нэхъыщхьэри кьыхуагъэфэщащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЩытыкІэр иджыри щыткІийщи...

Таиландым и ТНА къэрал хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэм кьыззритымкІэ, дыгъуасэ абы и правительствэм Бангкокрэ кьалащхьэм и Іуэхущ куэдкІэрэ щыщІыгъуэ мэлыжьыкІым щагъэуваУ щыта щытыкІэ къызэрымыкІуэр.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, мэлыжьыкІым «джанэ плъыжькІэ» зэдж оппозицэм зыкъиІэту щыхуэхэр Бангкок и уэрамхэм щызэхуашэса нэужь, щытыкІэ къызэрымыкІуэр ягъэуват. ЗыкъЗыІЕтащхэм ядрэгъкым властым пэрытхэм зэрегуакІуэу, ираІэлейуэ унафэ зэращІ щІыкІэр. Ахэр щымыуВыІэм, мазитІым кьриубыдэу демонстрацэ езыгъэкІуэкІхэм щыху 89-рэ хуэкІыкІащ, минитІым щІигъу уІэгъэ хъуащ, хъыбарыншэуи щыху 40-м нэблагъэ кІуэдащ.

Щытыкі Іэ къызэрымыкІуэр Іуахъхьжауэ жаІэ щхьэкІэ, ар щытыкІэ ткІийкІэ яхъуэжауэ аркъудейщ; зэрагъэкъуанщэр хуамыІуатэу хабзэхъуэмэхэм хэти яубыду жэщиблмахуиблкІэ яІыгъыну хуитщ.

ЗалымыгъэкІэ кьафІытонэ

НКО-м УФ-м щиІэ кьудамэм кьыбгъэдэкІыу Белорусием и президент хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІам кІэлъыплъахэм дыгъуасэ зэрыжаІамкІэ, а хэхыныгъэхэм и сыт хуэдэ Іыхьэми хабзэр щагъэзэщІакъым. Ар жиІащ



НКО-м УФ-м щиІэ кьудамэм и унафэщІ, Жылагъуэ пащтэм хэт Брод Александр.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, тхьэмахуэм Белоруссием щекІуэкІащ президент хэхыныгъэхэр. Абы президент кьулыкъум пэрыт Лукашенкэ Александр щытекІуауэ кьалытащ.

- Хэхыныгъэхэм я хабзэхэм дэнэ щыІэпи щебэкъуащ, оппозицэм и партхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лІыкІуэхэр хагъэхьакъым щІнальэхэм, участкэхэм я хэхакІуэ комиссэхэм, а комиссэхэр зэраубзыхуа щыкІэм зыри щыгъуазэкъым, хэхыныгъэхэр щекІуэкІкІи хуей махуэр кьэсын и пэ кьихуэу, щыхуэр (студентхэр, МВД-м и лэжьакІуэхэр, н.кь.) зэрыгупу хэкакІуэ участкэхэм ягъакІуэурэ, Лукашенкэ Александр залымыгъэкІэ храгъэхащ, - жеІэ Брод Александр.

♦ **Энергетикым и махуэщ**

♦ 1965 гъэм Сингапур къэралыгъэр Республикэ хъуащ.

♦ 1920 гъэм зэхалъхьащ Урысейр электрификацэ щІыным теухуа Къэрал планыр (ГОЭЛРО).

♦ 2001 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэр.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэриттымкІэ, нобэ Налшык уэфІу щыщытынущ, хуабэр махуэм градус 13-м, жэщым градуситІым нэсынущ.

Плэмэтэр къыдэхъуэгъэр
ГЪУЧІО Зэрифи.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Махуэр кІыхьмэ, Іыхьэр мащІэщ.

Технологие пэрытхэр ягъэлъагъуэ

●ЗэІушІэхэр

Дыгъэгъаэзм и 20-м Налшык къыщызэІуахащ япэ Кавказ-Ищхъэрэ инновационнэ форум. Ар щрагъэкІуэкІ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрымрэ «Телемеханикэ» автономнэ технопаркымрэ я жэрдэмкІэ. Апхуэдэу Іуэху щыхьэпэ абыхэм даІыгъащ республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ.

ТхЬэМАХУЭКІЭ екІуэкІыну зэхъыхьэм кьрихьэлІащ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм, Москва, Украинэм щыІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ Іуэхущ ІапІэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІушІэм кьызэІуихащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Іуэхущ ІапІэмрэ и къуэдзэ **Уянаев Казим** икІи кьыхиГъэщащ ди къэралым и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр ди республикэм кьызэрыхуейлэгъэнар зэригуапэр.

- Нобэрей зэхъыхьэм хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ, - жиІащ Уянаевым. - Абыхэм Іэмал кьыдат щІэныгъэлІхэм я гъэжьыгъэщІэхэр утыку кьыхьэныкІэ, абыхэм кьулыкъущІэхэм, хьэрэчэтащІэхэм я лъытэныгъэкІэ, аэрэ я Іуэху епльыкІэхэмкІэ зэхъуэжьэныкІэ. Сыныводхъуэхъу вгъэпэгъэуну проектыщІэ псори мыгувэу гъащІэм хэпща хъуну, адэкІи кьэхутэныгъэщІэхэр фиГыну.

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрымрэ информатикэмрэ щІыналъэ управленэмкІэ институтымрэ я унафэщІ **Иван Петр** кьыхиГъэщащ зэІушІэм зыщытепсэльыхьыну гъэжьыгъэ псоми сэбэныпагъэшхуэ зэрарІэр, аэрэ зыужьныныгъэм зэрыхуэунэтІар.

- ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием ди кьэралым и щІыналъэ псоми кьудамэхэр щІидзащ, - жиІащ Иуаным. - Дэтхэнэ зыми Іуэху купщІафІэхэр щызэфІагъэкІ, щІэныгъэр итмэкІэ зэрагъэкІуэтэным хущІэкъуэу я Іэнатіэр ирахьэкІ абыхэм я лэжьакІуэхэм. Кьащтэмэ, ди деж щыІэ кьудамэм щІэныгъэ-къэхутакІуэ институту 7 хохьэ. Аэрэ псори фІы дыдэу я кьалэнхэм зэрыпэлъэщым сэ кІыхьу сыкьытеувыІэнкъым, лэжьыгъэ щхьэхуэхэр нобэрей зэІушІэм щыфІьагъэнущ. Утыку кьрахьэнуэм яхэтщ мыгувэу республикэм и мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым кьыщагъэсэбэпнуэрэн.

Республикэм и промышленнихэмрэ хьэрычэтащІэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Гуэбэщ ІыкІ Жантемыр** кьыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхъыхьэхэр щІэх-щІэхьыгъэ зэхашэн зэрыхуейр, гупсысэ зэхэдзэм Іуэхур ипэкІэ игъэкІуэтэн мыхьэмэ, ар зыкІи зэран зэрымыхъунур. Апхуэдэу жиІащ я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ «Телемеханикэ» автономнэ технопаркыр кьызэрызэрагъэпэщащ, абы инноваци проект зыбжанэ зэриІэр.

Дагъыстан Республикэм и къэралыгъэ университетым я доктор **Бочаров Муслим** кьытеувыІащ Урысейм и Ипщэ щІыналъэм и еджагъэшхуэхэм щІэныгъэм щыІэ зэмыдэ хэлъхьэныгъэхуэ хуащІу зэрыщытар, дыдэрыгушхуэм щыху щэджащэхэр абы иджыри зэримащІэр. -Сэ нобэ утыку кьызэхьэу ІэжьыгъэгъэР кьэралкуэдым кьыщащІыгъащ, дамыгъэ ІъапІэхэр кьыхуагъэфэщащ, - жиІащ абы. - Зэкіэ абы ди деж гъуэгу щигъуэтакъым, согугъэ ар гъащІэм хэпща хъунымкІэ нобэрей зэІушІэм щхьэпэ хъуну. Сэ кьызэрысщыхъумкІэ, мы зэхъыхьэр ди кьэкІуэнум хэтчэ творческэ лъэбакъуэщ, псоми екъуІэныгъэ диІэну си гуапэщ».

Палшык махуитІкІэ щекІуэкІынущ технологие пэрытхэр къыщагъэсэбэп гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкІэр, апхуэдэу ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием хыхьэ институт зыбжанэм зэгъуэгуэ кьызэрагъэпэща Ипэ дунейпсо щІэныгъэ конференцыр тхьэмахуэкІэ щызэхэтынущ Іуащхьэмахуэ лъапэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

● КъБР-м и Президентым и пощт

Унэ езыгъэщIхэм я сэбэп зыхэлъ

ПщIэ зыхуэсщI Президент! Ди унагъуэр хэтщ «УнэгъащIэ хэр псэупIэкIэ кьызэгъэпэщыныр» программэм. Ижь зэманым газетхэм ятх Кавказ Ищхьэрэм ипотекэ кредитхэр тыным пыщIауэ льготэ гуэрэр щагъэувын хуэдэу, псальэм папщIэ, псэупIэ зыщIынухэм щIыуэ ильэс 50 пIалъэкIэ иратыну, абы щхьэщатыкIыну ахъшэр процентэ 5-м фIэмыкIыну. Апхуэдэ щIыхуэ тыкIэр зэтрагъувэныр пэжу пIэрэ?

Дзу З., *Бахъсэн къалэ*

КъБР-м и Президентым пщэрыльэ зэрыщищIам тету, жэуап кьретыжь КъБР-м хуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Мамий Артур:

УФ-м и ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ 2010 гъэм фокIадэм 6-м кьыдигъэкIа Унафэ № 1485-р-мкIэ кьищтащ 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер. ПсэупIэхэр ухуэным и лъэныкьуэкIэ абы кьигъэув кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цIыхухэм езыхэм я уней льапсэхэр яухуэн папщIэ щIыхуэ зэрыпат щIыкIэр егъэфIэкIуэныр. Абы пыщIауэ ипотекэ кредитхэмкIэ фонд щхьэхуэ кьызэрагъэпэщыну кьапэщытщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэу щытынур ди щIыналъэм исхэм льготэ зиIэ ипотекэ кредитхэр етыныр зэтегъэувэныщ.

Псыхуабэ дэт кьэрал лингвистикэ университетым щеджэжэм щаIущIам щыгъуэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр зэрыжIамкIэ, ди щIыналъэм щылажьэ Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм льготэ зиIэ ипотекэ кредитхэр етыныкIэ программэр зэман благъэм кьриубыдэу УФ-м и Правительствэм кьыщIэныжьыщ. Щ1ыхуэхэр ильэс 50 пIалъэкIэ, ильэс кьэс процентэ 5 фIэкIа щхьэщамыткIыну Кавказ Ищхьэрэм зэрыщатынум Хлопонин Александр тепсэльыхьауэ щыгащ Шэшэн Республикэм и студентхэм щахуэзамиI.

Кьат куэду зэтемыт коммерческэ унэхэмрэ щIыхуэхэм я щIапIэхэм ит унэхэмрэ ящыну нэхъ щIафIэтэмэным щхьэхусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Псом япэу, ди щIыхуэхэм ахъшэшхуэ ябгъэдэлъкьым, етIуанэрауэ, кредитхэр тынымкIэ рынокым ди деж зыщIужьакьым. Абыхэм кьадэкIуэу, кьэгъэ лъэгуапхъэщ куэду зэтет унэхэм ахъшэ нэхъыбэ зэрытекIуадэр.

КIэщIу жыпIэмэ, льготэ зиIэ ипотекэ кредитхэр тынымкIэ программэ хэха 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер гъэзэщIэным хлубдэу зэхалъхьэну я мурадщ икIи абы теухуауэ зыхуэфащэ унафэ зэман благъэм кьриубыдэу УФ-м и Правительствэм кьыщтэну кьыпэщытщ.

Дзэлыкъуэ псы жапIэр ящI

ПщIэ зыхуэсщI Президент! Дзэлыкьуэ районым щыпсэуэхэр тогуэзвыхь ирафын псы кьабзэ зэрамыIэм. Ди псыр егъэлеяу щыугъэ, абы и кьыщIэныпIэхэр зэрычэнжьым кьыхэкIыу.

Дзэлыкьуэкъуажэ поселкэм дэсхэр.

КъБР-м и Президентым и пщэ зэрырилъхьам тету, жэуап кьретыж КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Абрэдж Iэлиб:

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым щыпсэуэ зэфэн псы кьабзэкIэ кьызэрагъэпэщын мурадкIэ, Урысей Ипщэ (2008 - 2012 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хагъэхьащ Дзэлыкьуэ псы жапIэщIэ зухуэныр. Абы кьрижэну псыр Джэдмыших и ижьырабгъу Iуфэм дэкIуэу кьыщIэж псынэхэм кьыхашынущ. А псынэхэм суткIэ кьэс нэхьыбэ дыдэу кубометр 68947-р, нэхъ мащIэ дыдэу кубометр 28339-р кьатыфынущ. КьызэрабжамкIэ, Дзэлыкьуэ районым и жылагъуэхэр 2032 гъэм нэсыху махуэ кьэс зыхуеинур псы кубометр 18,7-р хуэдизщ.

Псы жапIэ щIыныр лъжьыгъэшхуэу зэрыщытыр кьалъытэри, а IуэхуэгъэIыкIыгъ зэпэудадиI. Нобэ ирихьэлIэу ягъэхьэзыращ лэжьыгъэм и япэ Iыхьэм (псынэхэм кьыщегъэжьауэ Каменномост кьуажэм нэс псыр кьэшэныр) и проект-сметэ тхылъыр. Япэ Iыхьэм хиубыдэ псы жапIэм километр 26,7-р и кьихьагъэщ щытынущ. Мы Iыхьэм щыщ уху1эныгъэ-монтаж лэжьыгъэу сом мелуан 820,7-рэ эи уасэр 2012 гъэм ирихьэлIэу зэфIигъэкIыну «АССО» ООО-м зэгурыIуэныгъэ иращIылащ. Абы зэфIигъэкIынухэм апхуэдизу хеубыдэ псынищым кьыщIэж псым и зэхуэхьэсыпIэмрэ а псынэхэм кьыщегъэжьауэ Хьэбзэ кьуажэм нэс кIуэ автомобиль гъэзэгу километр 15-м нэблагъэ хъумрэ ухуэныр.

Лэжьыгъэхэр 2009 гъэм ирагъэжьащ. А илъэсым кьагъэсэбэнап, сом мелуан 40-м ноблагъэ. А ахъшэмкIэ автомобиль гъэзэгум и процент 80-р (Кьарэ-Су псынэм кьыщегъэжьауэ Хьэбзэ кьуажэм кьэсхуэ) яукъуэдиящ.

УФ-м и Къэрал Думэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыхилъхьа федеральнэ законым и проектым хэлъэныущ.

А хабзэр зыхуэдэм икIи ар щIагъэхьэзыра мурадым топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ, связымкIэ и комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Сэфарбий.

- Нужь илъэсхэм федеральнэ властхэм гулъытэщхуэу хуащI щIынатIэхэм кьабгъэдэкI хабзэгъэувэ жэрдэмхэм. АрщхьэкIэ абыхэм ящыщу Къэрал Думэм щыпсыкIыр машIэщ. Ди Парламентым и жэрдэмым гъэзэгу зэрыгъуэта щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэщIы?

- ЩIыналъэхэм кьыщецжьэ жэрдэмхэм УФ-м гъэзэгу щагъэуэтыныкIэ IэмалыфIхэр щыIэ хъуащ. АрщхьэкIэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, а жэрдэмхэм я процентитI кьудейрщ Къэрал Думэм щыпсыкIыр. Идкьыпсту дэ зи гугъу тщIыр «Урысей Федерацым и автомобиль гъэзэгум, гъэзэгу гъжьыгъэм икIи Урысей Федерацым и хабзэгъэувэ Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуа» федеральнэ законым и проектыр кьэщтэнырщ.

- А проектыр зэхэфIхьэну сытым фригъэзгупсыса? Абы сыт хуэдэ мыхьэнэ иI?

- «Урысей Федерацым псоми кьыщагъэсэбэп автомобиль гъэзэгуэм зыщегъэубгъуэныкIэ щIэрыщIэу гъжьыпхъэхэм я IуэхуэкIэ УФ-м и Президентым и Указыр кьызэрыдэкIэ я илъэспщIым щIинэуащ. Абы хабзэкIэ щыубзыхуащ пщIэ зыщIат зыщIат кьаубыдыжьыр гъэзэгуэр УФ-м кьызэрыщагъэсэбэпыну щыкIэр. Абы мыхьэнэ ин иIэщ автомобиль гъэзэгуэм я Iэнатlэм зрагъэужьын папщIэ. Законым кьызэрегъэпэщ урысей экономикэм и гъэзэгу Iэнатlэм псынщIэу зэрызнужьыну Iэмалхэр.

Нужь кIэ кьащтащ «Урысей автомобиль гъэзэгуэр» кьэрал компание кьызэгъэпэщыным икIи Урысей Федерацым и хабзэгъэув Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэным я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законыр. Ар хуэгъэзащ гъэзэгу хозяйствэр зэрызэрахьэ мэ, кьэралым апхуэдизу кьыщIигъэнущ. АрщхьэкIэ, абы нэхъ-нэхъыбэ, псоми ящIэрыльым и хьэтыркIэ, сом мин 20 хэмтIыльэмиI, кьэралым сом мин 12 нэхъ-нэхъыбэ кьыщIигъунукъым.

Программэм хэтыр хуитщ езым абы хилъхьэну ахъшэр зыхуэдизыр иубзыхуну, иухъэжыну, апхуэдизуи а ахъшэр хэлъхьэныр сыт хуэдэ зэманми игъэувыну е адзэкIэ игъэкIуэтэну. Нэхъ гурыIуэгъэ хъун папщIэ Iуэху псоми ущыщIэупщIэ хъунущ «линие пщтыр» телефонхэмкIэ: 42-00-29, 42-00-30.

Iуэхущ1апIэм и кьудамэм и унафэщI Кьардэн ФатIимэ зэрыжIамкIэ, езыр з программэм хыхьащ республикэм и щIыху мин 11,5-м я гъусэу. Зи гугъу тщIы щIыхуэм я процент 20-м щигъур ильэс 30 ныбжьым нэмыса щIалэрэгъуалэщ. 2009 гъэм республикэм и щIыхуэу программэм хэтхэм сом мелуани 9-рэ мин 363-рэ кьэралым кьахуиутIыпщащ.

- Программэм удекъэх: кьэралыр итэжьмIыбжь-кIэ мыбдеж кьыщIыкIыуфынущ. А гъэтIылIыгъэм налог зэрыграмылъхьэр кьэплъытэмэ, уи ахъшэм и хэхъуэр нэхъыбэж мэхъу, - жиIащ Кьардэным.

Программэр кьэзыщта кьэралым и мурадхэр зыхуэгъэзэм теухуауэ упщIэм жуаап щIри-тым, Дыкъыпэ Зарем з кьыхигъэщащ пенсэ реформэр щрагъэкIуэкIым, гъэтIылIыгъэхэр зэхуэхьэсыным хуабжьу зэрыщыгугъар. Я мурадащ щыхуэхэм ягъэтIылъ ахъшэхэр фIыуэ ягъэбгъуэныр, арщхьэкIэ мы Iуэхум жыджэрагъ кьыщагъэпIэгъуакъым. Аращ кьэралым зи гугъу тщIы программэр кьыщтэныр кьыдзыхэкIар. Пенсэм хэгъэхъуэныркIэ гъэтIылIыгъэм кьыщIигъу кьудей мыхьэну, кьэкIуэну зэманым ахэр зратыныхэми хэхъуэ яIэным хуэунэтIащ. Пенсэм щIыгъуу я гъэтIылIыгъэр япэу щатынэр 2013 гъэрщ.

Программэм хэтхэм абы халъхьа ахъшэр здэщыIэ щIыпIэм теухуа упщIэм жэуап ириткIэрэ, Дыкъыпэ Зарем жиIащ иджыри кьэк банк бакъэзымыхэхэм я ахъшэр «ВТБ»-м зэрыхалъхьар. Адрей мыпкъур хуагъэхьащ езы щIыхуэм яхьахаха банкэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

УФ-м и Къэрал Думэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыхилъхьа федеральнэ законым и проектым хэлъэныущ.

А хабзэр зыхуэдэм икIи ар щIагъэхьэзыра мурадым топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ, связымкIэ и комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Сэфарбий.

- Нужь илъэсхэм федеральнэ властхэм гулъытэщхуэу хуащI щIынатIэхэм кьабгъэдэкI хабзэгъэув жэрдэмхэм. АрщхьэкIэ абыхэм ящыщу Къэрал Думэм щыпсыкIыр машIэщ. Ди Парламентым и жэрдэмым гъэзэгу зэрыгъуэта щIыкIэм щыгъуазэ дыхуэщIы?

- ЩIыналъэхэм кьыщецжьэ жэрдэмхэм УФ-м гъэзэгу щагъэуэтыныкIэ IэмалыфIхэр щыIэ хъуащ. АрщхьэкIэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, а жэрдэмхэм я процентитI кьудейрщ Къэрал Думэм щыпсыкIыр. Идкьыпсту дэ зи гугъу тщIыр «Урысей Федерацым и автомобиль гъэзэгум, гъэзэгу гъжьыгъэм икIи Урысей Федерацым и хабзэгъэув Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуа» федеральнэ законым и проектыр кьэщтэнырщ.

- А проектыр зэхэфIхьэну сытым фригъэзгупсыса? Абы сыт хуэдэ мыхьэнэ иI?

- «Урысей Федерацым псоми кьыщагъэсэбэп автомобиль гъэзэгуэм зыщегъэубгъуэныкIэ щIэрыщIэу гъжьыпхъэхэм я IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным теухуа» федеральнэ законым и проектыр кьэщтэнырщ.

- Мы проектыр хэт зэхэзыльхьар?

- Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым зэхилъхьащ.

- Дапщэщ Къэрал Думэм ар кьыщтэнкIэ щыхьыну?

- Мы проектым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым кьаныж щымыIэу щеджащ, абы КъБР-м и Парламентым и комитет зыбжанэм щытепсэльыхьащ. Нужь-кIэ щыхьэпIащ Парламентым и Президиум, кIэлъыкIуэу Парламентым я зэIущIэм щызэпкърахащ. ИтIанэщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щагъэхьар.

УРЫСМАМБЭТ Бел1э,

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Къэрал Думэ

Ди депутатхэм я жэрдэмкIэ

щIыкIэр егъэфIэкIуэным. Абы папщIэ я мурадщ фокадэм мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзэгуэр зехьэным мылыку халъхьэну, мы Iуэхур зэрирегъэкIуэну кьэрал юмпанием дзыхь хуащIыну.

А законыр кьызэращтам кьыхэкIыу, щIыналъэ унафэр зыIущIэлъхэр хуит еш федеральнэ, щIыналъэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзэгуэр пщIэкIэ кьызэрагъэсэбэну щIэрыщIэхэм я зыбжыху. Мыбдежыну уасэр зыхуэдизыр зыгъэувыр аха1ащ.

АрщхьэкIэ апхуэдэ хуитыныгъэхэр кьыщигъэльэгъуакьым «Урысей Федерацэм автомобиль гъэзэгуэм, гъэзэгу гъжьыгъэм икIи Урысей Федерацэм и хабзэгъэув Iуэху щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэ хэр халъхьэным и IуэхуэкIэ» Федеральнэ законым и 11-нэ, 12-нэ, 13-нэ статьяхэм. Дэ кьыхэтIхьа законопроектым а статьяхэм апхуэдэ хуитыныгъэ ярет.

Аращи, зи гугъу тщIы законыр кьащтэмэ, властым и федеральнэ, щIыналъэ, муниципальнэ органхэм я пщэрылъхэмрэ зыхуитымрэ гъэтэмэмэ хьунущ.

- Мы проектыр хэт зэхэзылъхьар?

- Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым зэхилъхьащ.

- Дапщэщ Къэрал Думэм ар кьыщтэнкIэ щыхьыну?

- Мы проектым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым кьаныж щымыIэу щеджащ, абы КъБР-м и Парламентым и комитет зыбжанэм щытепсэльыхьащ. Нужь-кIэ щыхьэпIащ Парламентым и Президиум, кIэлъыкIуэу Парламентым я зэIущIэм щызэпкърахащ. ИтIанэщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щагъэхьар.

УРЫСМАМБЭТ Бел1э,

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу



Москва и Ут Плъыжьым деж щызэIущIащ адыгэ аспирант гуп - *(сэмэгумкIэ кьыщIущIэдзауэ)* **КIуэкIуэ Валерий, Бейтыгъуэн Борис, Безыр Нухь, Сирием щыщ Хьэлъакьуэ (Джэудэт) Риад, Мыщхъуэжь Борис сымэ.** *1968 гъэ*

● Прохладнэ куей

Щ1алэгъуалэ администрацэ

Прохладнэ кьалэм «Щ1алэгъуалэ администрацэ» зыфIаща проектыр гъэдэжьыным нужь щихьащ. Абы хагъэхьэну ныбжьыщIэхэр кьурыт школхэм щIэсхэращ. Ахэр кьыщыхахым, класс нэхъыжьхэм щIэс еджакIуэ 47-м щыщу -унафэ зыщIыфыну- кьалъытар щIыху 18-щ. Апхуэдэуи ахэр зэлэжьыну унэтIыныгъэхэр яубзыхуащ, дэтхэнэми дэлэжьын Iэщ1агъэлI ирапхащ.

Иджыблагъэ кьулыкьущIэ ныбжьыщIэхэр Налшык щыIащ. КъБКъУ-м и проректор **Башиевэ Светланэ,** студент зэгухьныгъэм и Iэтащхьэ **Лу Аззмэт,** университетым и аспирантэм я гъусэу абыхэм щыгъуазэ защIащ Кавказ Ищхьэрэм щынэхъыжь дыдэ еджапIэ нэ хьыщхьэм и Iуэхущ1апхъэ.

Абыхэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ КъБКъУ-м зрысыбзэмрэ урыс щинхабзэмкIэ, студентхэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщыныбмкIэ центрэр, филологиемкIэ институтым и унэщIэр.

Апхуэдэуи щк олакIуэхэр щIэсащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, Санкт-Петербургым кьэрал университетым и профессор Аверин Борис и лекцэм.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Май куей

Махуэ къэс

Мы илъэсым и гъэмахуэ лъэхъэнэр уэгъуу зэрыщытам и зэранкIэ, Урысейм и мэз куэдым хэщIыныгъэшхуэр зэрагъуэтам дыщыгъуаззщ.

АПХУЭДЭ шынагъуэм ди щIыналъэр щыхъумэным теухуа лэжьыгъэхэр щыщIагъэхуэгъэбжьа щIыпIэхэм ящыщщ. Май куейр. Мы зэманым ирихьэлIэу «Май мэз» ООО-м щIыху 20-м нэблагъэ пIалъэ лэжьыгъэкIэ кьызэригъэпэщащ, Абыхэм уэс кьемыс щIыкIэ зыхуей хуагъэзэнущ мэз къащIыхэм щIэ зэгъэпэсхуэпIэхэр. Апхуэдэу гулъытэ хэха хуащIынущ мафIэсым зэрыпэщIэт хуэIухуэщIэхэр егъэфIэкIуэнми. Мы Iуэхущ1апIэм и унафэщI Наурыз Анатолэ и нэIэ тету ягъэжьэбзащ мэзыкум хэт гуэлым и Iэгъуэблагъэхэр. Зэрымыщ1кIэ мафIэс къэхъумэ, мафIэсгъэнкIыфI машинэхэр тынщу псы кьыгъэхъуапIэм зэрыIухьэным хуэдэу, гъэгу щхьэхуэхэр ящ1ащ. Абы кьыдэкIуэу, жьы хъуа жьыгъэр паупщ1, абыхэм я пIэкIэ щIэ хасэ. УнафэщIым кьызэрыкиГъащамкIэ, нэхъаепэм жьыгащ1эхэр кьыщагъакI питомник езыхэм яIэжу щытащ. Ар кьэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм дэкIуэда пэтми, ноби я Iэр зэтедзауэ щыскьым, Iэмал зэхуэмыдэхэр кьызэрагъэсэбэпыным хущIокъу. Кьащтэмэ, илъэс зыбжанэ хьуауэ жьагъыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр Ставрополь краймрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ кьраш, иращIылIа зэгурыIуэныгъэм тетыу. Дызытехьэ 2011 гъэм мыбы и лэжьакIуэхэм я Iуэхур ефIэкIуэну мэгугъэ, Зыщхьэр щIэуэ кьыщIызэрагъэпэщ «Урысеймэзхоз» Iуэхущ1апIэхэм я фIыгъэкIэ.

И зэфIэкIым хохъуэ

Май районым щыIэ «Севкавгипрогрупп-Д» заводыр хабжащ щыхъум я хэныщIагъэр хъумэным телажьэну Урысейм ит Iуэхущ1апIэ нэхъыфIэм.

НОБЭ МЫБЫ кьыщIигъэкI бжыгъэрылажьэ флюорографхэр нэхъыфI дыдэхэм хабжэ, абы кьыхэкIыу Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI кьэралхэми щIэупщIэшхуэ щащIэ. Дунейпсо мардэ нэхъыфIхэм тету ягъэхьаззыр Iэмэпсымэм, щыуагъэ лъэпкъи Iэщ1эмыкIыу, щIыхум пкърыт узыфэхэр кьекуэтэ икIи абы теухуа хьыбар псори а дакьикъэм дохутырхэм дунейм и дэнэ щIыпIи нагъэсыфынущ. Абы дохутырхэм я Iуэхуэр зьэныкьуэ куэдкIэ кьащигъэпсынщIэнущ, хамэ кьэралхэм щылажьэхэми ечэнджэщынымкIи Iэмал кьаритынущ. Мы Iэмэпсымэхэр гъэувыным елажь Iащ1а-гъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, нобэ яIэ зэфIэкIэм 2011 гъэми кьызэрыхагъэхьуэным хэтынущ.

ЛЪОСТЭНМуэз.

● Лэскэн куей

Ябэ илъэсщIэ тыгъэхэр

Дыгъэгъазэм и 23 - 25 махуэхэм Лэскэн районым щекIуэкIынущ бынунатIэ ушхуэхэм, хуэмыдэ щIауэ псэуэхэм кьаухэкIа ныбжьыщIэхэмрэ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэмрэ папщIэ кьызэрагъэпэща Илъэсыщ1э пшыхьэр. Илъэс кьэс ирагъэкIуэкI мыпхуэдэ IуэхуэхэмкIэ сабий 700-м щIигу кьызэщIаубыдэ.

МАХУИщ зэкIэльыкIуэкIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэм щыкIуэр гулищу гъэщIэгъуэ кьрагъэблагъэнущ, гуп кьэс щыху 200 хэту. Ябэ щыкIэ ахэр хэтынущ ЩэшэнхабзэмкIэ зэман щагъэувыну псейм иращIыкIыну дазэдапщэхэм. Сабийхэм я пащхьэм зыкьыщагъэлъэгъэнущ районым и артист ныбжьыщIэхэм, школакIуэ щыкIуэм езыхэм ягъэхьэзырыжа концерти ятынущ. Абы и ужькIэ Уае Дадамрэ Уэс пащщэмрэ сабий кьэс хуагъэхьэзыра илъэсищIэ тыгъэхэр иратынущ. ГуфIэгъуэ пшыхьэр щекIуэкIым кьемыкIуэлIэфа сабий ныкьуэдыкъуэхэм я Iыхьэхэр машинэхэр я унэ хуащIынущ. Идкьыпсту куей администрацэм щэнхабзэмкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэр иужь итщ саугъэтхэр гъэхьэзырыным. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, ямы илъэс къэмынэу мы Iуэхур ирагъэкIуэкI, сабийхэм хуащI тыгъэхэри хэлпыкьыкуэ фIэкIа кьащIэхуркъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Бахъсэн куей

Парт гулъытэ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIIэкъуадэм ешмедие щхьэхуэ иубзыхуащ республикэм и студент, школакIуэ нэхъыфIхэм папщIэ.

ПАРТЫМ и Бахъсэн щыпIэ къудамэм и политикэ советыр хэпIащ куейм щыщу апхуэдэ гулъытэ зыхуэпщI хъуну ныбжьыщIэхэм я спискэм. Iэнатlэм и лэжьакIуэ Дыщэкl Жаннэ зэрыжIамкIэ, ежьакIуэхэм зэрагъэпэща портфолиохэм дэлът абыхэм зыIэрагъэхьэфа текIуэныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техьыу дэфтэрхэр. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ ныбжьыщIэхэм я спискэм зыпIэкIэ зэрагъэпэща портфолиохэм дэлът абыхэм зыIэрагъэхьэфа текIуэныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техьыу дэфтэрхэр. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ ныбжьыщIэхэр еджным зэрыпэщIэщIа портфолиохэм дэлът абыхэм зыIэрагъэхьэфа текIуэныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм щыхьэт техьыу дэфтэрхэр.

Апхуэдэу щыкIэкIэ зэхьэзэхуа школакIуэхэм фIым я фIыжьэр кьыхахащ. Ахэр Къуэ-Тбэ щыкъуэм дэт курыт школ №1-м щеджэ Бекьан Заремэрэ Крем-Константиновкэ жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ Карповэ Екатеринэрэщ. Гъэ еджэгъуэ дызэрышы и кIэщIкIэ а хьыджэбзитIым мазэ кьэс дэтхэнэми хуэзэу кьахьынущ партым кьыбгъэдэкI стипендиеу сом 1350-рэ. Абы щыхьэт техьуэ дэфтэрхэмрэ дипломхэмрэ ныбжьыщIэхэм яритыжащ абыхэм я Iуэ1а, партым и республикэ къудамэм и Политикэ советым и секретарь Жаным Руслан. ЕджакIуэхэм щехъуэхъум, абы жиIащ Iэлаэгъуалэ зэчиифIэхэр гъэпэжэным теухуауэ «Урысей зэкъуэт» партым лъэкI псори зэрищIэнур.

ТАМБИЙ Лин1.

Гъуэгуухуэ щIэрыIуэ

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъуэщI щIыналъэхэм я гъуэгуухуэ щIэрыIуэ, илъэс 50-м щIигъуауэ я Iэнатlэм хуэпэжу Iэмалыфхэр щыIэныр ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур яджыблагъэ ягъуэлъапIащ.

1958 ГЪЭМ копировщикыу еджэн щIэзыдза щIалэщIэм 1991 гъэм щегъэжьауэ республикэм и гъуэгу Iэнатlэм и унафэщI къулыкъу илъэс 12-кIэ ирихьэлIащ.

1966 гъэм абы Дон Iус Ростов кьалэм щыIэ инженер-ухуакIуэ институтыр къиухащ. Мазищ дэкIри, зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIым гу кьыльатэри, Бахъсэн кьалэм и гъуэгуухуэ Iэнатlэм и инженер нэхъыщIэхъэ хуащIыр кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэуэ респлубликэм и гъуэгуухуэ Iэнатlэр здригъэфIакIуэм, Ташкент щIыр зэрыщыхъеьам, абы куэд зэрызэтрикъутам и хъыбар кьIуащ. Узбекистаныр зэфIэгъэувэжьыныкIэ Урысейр дэIэпыкьуэрэ Кокэсорр дэIэпыкьуэ джэныгъэкIэ Iэмалшы Мухьэрбий Азие Курытым кIуащ. Ар япэ щIыкIэ заводым бетонгъэжу щIащ, иужькIэ Iуэгу Iэщ1агъэлIэхэм хуэныкъуэ хъури, Iэмалшыр гъуэгуэр зыкуэ, зэзыгъэпэщыжь гупым хагъэхьащ, Ташкент - Голодная степь - Кабул гъуэгур километр 20-м щигъур ильэс 30 ныбжьым нэмыса щIалэрэгъуалэщ. 2009 гъэм республикэм и щIыхуэу программэм хэтхэм сом мелуани 9-рэ мин 363-рэ кьэралым кьахуиутIыпщащ.

- Программэм удекъэх: кьэралыр итэжьмIыбжь-кIэ мыбдеж кьыщIыкIыуфынущ. А гъэтIылIыгъэм налог зэрытрамылъхьэр кьэплъытэмэ, уи ахъшэм и хэхъуэр нэхъыбэж мэхъу, - жиIащ Кьардэным.

Программэр кьэзыщта кьэралым и мурадхэр зыхуэгъэзэм теухуауэ упщIэм жуаап щIри-тым, Дыкъыпэ Зарем з кьыхигъэщащ пенсэ реформэр щрагъэкIуэкIым, гъэтIылIыгъэхэр зэхуэхьэсыным хуабжьу зэрыщыгугъар. Я мурадащ щыхуэхэм ягъэтIылъ ахъшэхэр фIыуэ ягъэбгъуэныр, арщхьэкIэ мы Iуэхум жыджэрагъ кьыщагъэпIэгъуакъым. Аращ кьэралым зи гугъу тщIы программэр кьыщтэныр кьыдзыхэкIар. Пенсэм хэгъэхъуэныркIэ гъэтIылIыгъэм кьыщIигъу кьудей мыхьэну, кьэкIуэну зэманым ахэр зратыныхэми хэхъуэ яIэным хуэунэтIащ. Пенсэм щIыгъуу я гъэтIылIыгъэр япэу щатынэр 2013 гъэрщ.

Программэм хэтхэм абы халъхьа ахъшэр здэщыIэ щIыпIэм теухуа упщIэм жэуап ириткIэрэ, Дыкъыпэ Зарем жиIащ иджыри кьэк банк бакъэзымыхэхэм я ахъшэр «ВТБ»-м зэрыхалъхьар. Адрей мыпкъур хуагъэхьащ езы щIыхуэм яхьахаха банкэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ДифI догъэлъапIэ

Iэмалшы Мухьэрбий

зи кIыхьагъ, зи бгъуитIымкIэ зы метррэ ныкъуэрэ хъу лъэс гъуэгуэр зэхуэ зиIэ лъэмыжьр, Налшык къалэ кьыпекIуэкI автогъэзэгу ухуэныгъэр ирагъэжьащ, псоми кьагъэсэбэп КъБР-м и автомобиль гъуэгуэр зэрагъэпэщыжащ икIи ирагъэфIэкIуащ, муниципальнэ гъуэгуэр зэрырагъэфIэкIуэну щIыкIэм и программэр зэхащIыкIащ.

А илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьакIуауэ щыта УФ-м и Президент Путин Владимир республикэм и щIыпIэхэм щауха гъуэгуэхэм фIагъ льагъэ яIэу кьыльытащ.

2005 гъэм щыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым Iэмалшы Мухьэрбий «Автомобиль гъуэгуэхэмрэ лъэмыжьхэмрэ проект щIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтэ» акционер обществэ зэIухам инженер нэхъыщхьэу щолажьэ. Абы КъБР-м, КИФШ1-м я автомобиль гъуэгуэхэмрэ лъэмыжьхэмрэ я проектхэр игъэхьэзыращ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Щхьэлыкъуэ, Налшык псыежьэхэкIэ кIуэцIрыкI, Налшык къалэм хъурейуэ кьыпекIуэкI гъуэгу ухуэныгъэм и япэ Iыхьэр, километр 70-рэ хъу Шэджэм Е1Iуанэ - Шэджэм Ипщэ, Iуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгуэр зэгъэпэщыжыныр, Сунжэ псым кIуэцIрыкI, Гроэнэ къалэм Субботниковым и цIэр зезыхъэ и уэрамым тет лъэмыжьр зэфIэгъэубзыныр, нэгъуэщI куэдри.

Иэмалшыр сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытами, зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI инженеру, унафэщI Iэ3эу зыкъгъэгъэльэгъуащ. Абы социальнэ Iуэхуэхэм ныкъуэпэщхуэ яретащ, лэжьакIуэхэр, зыхуэзэкъуэхэм гулъытэ яхуещI. «Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль гъуэгуэхэм я проект-зэгъэпэщыжыныгъэ-ухуэныгъэ Iуэхущ1апIэ» ГУП-м и унафэщIу щыщыта зэманым IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ирата, кьати 9, кьати 5 хъу псэуэ1э унэхэм я хууэныгъэр ящIэзыригъэпэщащ.

Ар сыт щыгъуи хущIэкъу зэпытщ и лэжьыгъэр зэригъэфIэкIуэным, абы щIэ гуэрхэр зэрыхилъхьэным. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъукIэ зэригъэпэща зэфIэкIымрэ щIэныгъэмкIэ Мухьэрбий Iуэхущ1апIэм и Iэнатlэм щIалэхэм ядогущэ. Лэжьакъуэ емызэшыж Iэмалшым и фIыгъэкIэ, ар иджыпсту щылажьэ IэнатIэр иджырей Iэнэпсымэщ1эхэмкIэ, зыхуеину прибор, компьютер, программэхэмкIэ къыщIэкIынущ, проект зэхьэхьэмкIэ Iэфэ институтыр республикэмрэ абы и гъу

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Ар ЕгъэджакІуэщ

● Жьыщхьэ махуэ

ЩІанкІэ Лиуан дерс ирегъэкІуэкІ. *1985 гъэ*

**Гъащ1эм щыпсэхъыщхьэр щІыху иэсу ущытыныр, Абы куэд къызэщІеубыдэ, ауэ щхьэм я щхьэр - нэмыс, щІыхугъэ лъагэ пхъдэныр, Чэнджэщэгъуфі къыпхуэхьу, гъащ1эм хуэгъэзэ», гъуэгу пэж утезыгъуэр щІыхуэр щІэн нэмыси зыхуэфащэр. АбыкІэ къалэныпхуэ бгъэдэлыр егъэджакІуэм. Уэыхуеджэр кьыбгурыІуэныр, узыхуагъасэр зыхэпхьэныр куэдкІэ епхащ абыхэм гахуэзыущІи. А Іэщ1агъэ мытынымэ кьыпхунгъэув кьалэн псори бгъэзащІэмэщ «Сэ сы-ЕгъэджакІуэм», - жьыпІэну хуитынырэ хущІыкІ.

АПХУЭДЭУ хужьпІэну Налшык къокІуэри, егъэхуэфащэщ мы мазэм зи ныбжьыр питхъе 80 ирикъу ЩІанкІэ Лиуан Тембуэт и къуэм. Адыгэхэм игъащІэ ІыдандэрэгъажІэ: «Куэд зыгъащІэ куэд елъагъу». А псалъэхэр изохьэлІэ Лиуан и гъащ1эм. 1930 гъэм Альтуд къыщалъхуащ ар. Къуажэ школым и 6-нэ классым нэса къудейуэ, Хэку зауэшхуэм и зэранкІэ, еджэныр Іэщ1ыб ищІын хуэй мэхъу. Илъэс пщыкІутІым ит щІалэ щыкІуэм и джэкІэ ар зэман хьэлъэт. Балигъэм ядэІэпыкъуу, абы Іуэху куэд игъэзащІэн хуей мэхъу: зэми ар губгъуэм щолажьэ, зэми къуажэ Іэщ1ыр егъэхъу, иужькІэ вакъэдыжу макІуэ.

